



TARIKHUL AULIYA'

Bisyri Musthofa

Penerjemah: Aly Mashar

TARIKHUL AULIYA'

Tarikh Wali Songo

Nerangaken babad ipun wali wali tanah Jawi,
dipun tambah catetan-catetan tarikh Indonesia kanti ringkes.

Dening:

BISYRI MUSHTOFA

Rembang

Penerjemah Latin:

ALY MASHAR

TARIKHUL AULIYA': Tarikh Wali Songo

Karya Bisyri Musthofa

@Aly Mashar, 2020

Penerjemah : Aly Mashar

Unggahan Pertama, Februari 2020

HAK CIPTA dilindungi Undang-Undang

Diterbitkan oleh SPI FAB UIN Raden Mas Said Surakarta

MUQODDIMAH

علم التاريخ علم يعرف به احوال الماضيين وثمرته اعطاء ذى حق حقه

واسترجاع النفوس واستكثارها من الاعمال الصالحة وتثبيتها.

قال الله تعالى وكلا نقص عليك من انباء الرسل ما نثبت به فؤادك

وعن سعد ابن ابي وقاص رضي الله عنه انه قال كان ابي يعلمنا مغازي رسول الله

وسراياه فيقول يا بني هذه شرف ابائكم فلا تنسوا ذكرها.

قال الزين العراقي رحمه الله: وليعلم الطالب ان السير - تجمع ماصح وما قد

انكرا- وقال الامام احمد ابن حنبل وغيره من الائمة اذا روينا في الحلال

والحرام شددنا واذاروينا في الفضائل تساهلنا

Bismillahirrohmanirrahim

الحمد لله, والصلاة والسلام على رسول الله, سيدنا مُحَمَّدُ وآله وصحبه ومن وآله

“wa ba’du” wiwit kito bongso Indonesia dados bongso ingkang merdeko, rupi-rupi mipum kito lajeng sami kiyat naluri leluhur-leluhur kito, babad-babad dipun sinahu, sejarah-sejarah dipun wucalaken ing sekolahan-sekolahan, ingkang mawi bahasa Indonesia, daerah lan sanes-sanesipun, nanging buku-buku sejarah ingkang sampun sumiyar utawi kawucalaken ing madrasah-madrasah puniko sebagihan ageng mboten nerangaken bab-bab ingkang magepokan kaliyan sejarah ipun poro wali-wali, poro sunan-sunan. Pemedar agami Islam ing Indonesia umumipun lan ing tanah Jawi khususipun.

Ing mongko sejatosipun wiwit kito milo, poro rojo-rojo ing tanah Jawi puniko persasat meh sedoyo, tansah dipun kanthi dining poro sunan-sunan utawi poro penganjur-penganjur agami Islam, peramilo sangking puniko, wonten ing risalah alit puniko, penulis kepingin bade nyulik sekedik ing bab-bab ingkang magepokan kaliyan sejarah ipun poro sunan-sunan, kengingo kangge bumbunipun poro ustadz mucal

sejarah Indonesia dateng poro talmidz-talmidz ipun. Mboten sanes mugi-mugi wonten gino faedahipun.

Bulan Safar 1372 H

BISYRI MUSHTHOFA

RATU ING CEMPO

Naliko kurang luwih tahun 1300 H kang jumeneng ratu ing Cempo, iku jejuluk Rojo Kunthoro, Rojo kafir binathoro, kagungan putro 3: (1) Dorowati Murdoningrum, (2) Dewi Condrowulan, (3) Raden Cingkoro.

Kucapo: salah sawijine mubaligh Islam sangking tanah Arab asmo Sayyid Ibrahim Asmoroqondi kang ing tembe masyhur karan Ibrahim Asmoro, rawuh ing Cempo, perlu tabligh ngajak-ajak sang ratu supoyo kerso ngrungkebi Agomo Islam, kersaning pengeran, sang ratu kerso mlebu Agomo Islam. Nganti kerso adek Masjid, lan andawuhaken Maulana Ibrahim medaraken Agomo Islam ing Cempo. Akhir-akhir Maulana Ibrahim kadaupaken angsal putrone kang penggulu kang asmo Dewi Condrowulan, dene putrone kang pembajeng asmo Dorowati Murdoningrum kadaupaken angsal Perabu Kerthowijoyo ing Mojopahit.

Dadi Maulana Ibrahim Asmoro iku karo Prabu Kerthowijoyo kapernah pripihan. Maulana Ibrahim (sangking garwo Cempo) kagungan putro 3: 1 Rojo Panditho, 2 Raden Rahmat, 3 Siti Zaenab. Prabu Kerthojoyo iku putrone akeh banget, nanging kang kacerito,

- Sangking garwo padmi (1) Raden Aryo Damar, adipating Palembang;
- Sangking garwo Cempo: (1) Putri Hadi, garwo adipating Doyoningrat ing Pengging, (2) Lembu Peteng ing Meduro, lan (3) Raden Gugur.
- Ingkang sangking ibu Ponorogo: (1) Bethoro Katong Ponorogo, (2) Adipati Luwanu
- Ingkang sangking ibu Bagelen asmo Jaran Penoleh jumeneng ing Yamdlong Madura
- Ingkang sangking ibu Putri Cempo malih asmo Raden Hasan kang ing tembe alhir karan Raden Fatah.

Iyo Raden Fatah iki kang ing tembe ngedekaken kerajaan Islam kang kawitan ing Binthoro Demak. Murih sampurnone Carito cobo dak terangake nasab-nasabe.

Raden Fatah (Hasan) bin Kerthowijoyo bin Raden Suruh (Ratu Mojolengko) bin Mundi Wangi (Ratu Pejajaran) bin Mundi Sari (Pejajaran) bin Raden Laliyan (Pejajaran) bin Rawis Renggo (Jenggolo) bin Thebu bin Lembu Amiluhur (Jenggolo) bin Resi Gentayu bin Gendiawan bin Srimo Punggung bin Silo Jalau bin Ponco Driyo bin Citro Sumo bin Sumo Wicitro bin Gendroyono bin Joyo Amijoyo bin Joyo Durmo bin Hudoyono bin Pari Kesit bin Ongko Wijoyo bin Arjuno bin Pandu (Ngestino) bin Abiyoso bin Pulosoro bin

Raden Sahri bin Raden Sekutrem bin Raden Sutopo bin Raden Monowoso bin Marigeno bin Trusthili bin Srikati bin Wisnu bin Sang Yang Guru bin Sang Yang Tunggal bin Sang Yang Wening bin Sang Yang Wenang bin Sang Yang Nur Roso bin Raden Nur Cahyo bin Nabi Adam ‘Alaihis Salam.

MAULANA IBRAHIM ASMORO

Maulana Ibrahim Asmoro iku kagungan dulur 2: (1) Asmo Maulana Ishaq, (2) Sunan Aspadi (Garwone ‘Abdul Majid rojo ing Rum) Maulana Ibrahim Asmoro iki putro Maulana Muhammad Jumadal Kubro bin Sayyid Zainul Husen bin Sayyid Zainul Kubro bin Sayyid Zainul ‘Alim bin Sayyid Zainul ‘Abidin bin Sayyid Husen bin Siti Fatimah binti Rasulillah SAW Muhammad bin ‘Abdullah bin ‘Abdul Mutholib bin Hasyim bin ‘Abdi Manaf bin Qushoi bin Kilab bin Murroh bin Ka’ab bin Lu’ay bin Gholib bin Fihrin bin Malik bin an-Nadlor bin Kinanah bin Khuzaimah bin Mudrikah bin Ilyas bin Mudlor bin Nizar bin Ma’addin bin ‘Adnan sakteruse nganti tekan Nabi Isma’il bin Nabi Ibrahim ‘alaihimas salam sakteruse nganti tekan Nabi Nuh ‘alaihissalam sakteruse nganti tekan Nabi Idris ‘alaihissalam sakteruse

nganti tekan Nabi Anwas bin Nabi Syits bin Nabi Adam
'alaihimas salam.

RADEN RAHMAT BIN MAULANA IBRAHIM ASMORO

Raden Rahmat (Sunan Ampel) bin Maulana Ibrahim Asmoro kromo Dewi Condrowati putrone Aryo Tejo Tuban, oleh putro 5: (1) Siti Syaringah, (2) Siti Muthmainnah, (3) Siti Hafshoh, (4) Raden Ibrahim, (5) Raden Qosim. Raden Rahmat ugi kromo Dewi Karimah putrone Ki Bang Kuning, oleh putro 2: (1) Dewi Murtasiyah, (2) Dewi Murtasimah.

MAULANA ISHAQ BIN JUMADAL KUBRO

Maulana Ishaq kagungan putro 3: (1) Sayyid 'Abdul Qodir (kang ing tembe jejuluk Sunan Gunung Jati Cirebon), (2) Dewi Saroh, (3) Raden Paku (kang ing tembe karan Sunan Giri). Dadi Sunan Gunung Jati lan Sunan Giri iku misanan karo Raden Rahmat Sunan Ampel Surabaya.

HAJI 'USTMAN (SUNAN MANYORAN) MONDOLIKO

Haji 'Utsman (bin rojo Panditho bin Maulana Ibrahim Asmoro) kromo Siti Syaringah binti Sunan Ampel oleh putro 1 asmo Amir Hasan.

‘USTMAN HAJI (SUNAN NGUDUNG)

‘Usman Haji (bin rojo Panditho bin Maulana Ibrahim Asmoro) kromo Dewi Sari putrone Tumenggung Wilotiktho, oleh putro (1) asmo Dewi Sujinah, (2) Amir Haji

NYAI GEDE TONDO LAN KHOLIFAH HUSEN (SUNAN
KERTOYOSO) MEDURO

Nyai Gede Tondho (binti rojo Penditho) digarwo Kholifah Husen (tiyang saking Yaman, muridipun Kanjeng Sunan Ampel) kagungan putro Khlifah Shughro.

SITI MUTHMAINNAH LAN SAYYID MUHSIN (SUNAN
WILIS) CERBON

Siti Muthmainnah binti Sunan Ampel digarwo Sayyid Muhsin (tiyang saking Yaman, muridipun Kanjeng Sunan Ampel) kagungan putro Amir Hamzah.

SITI HAFSHOH LAN SAYYID AHMAD (MALAKA)

Siti Hafshoh binti Sunan Ampel, digarwo Sayyid Ahmad (tiyang saking Yaman, muridipun Kanjeng Sunan Ampel) mboten kagungan putro.

RADEN QOSIM (SUNAN DRAJAT SEDAYU)

Raden Qosim bin Sunan Ampel, kromo Dewi Shofiyyah putrane Kanjeng Sunan Cerbon, kagungan putro 3: (1) Pengeran Trenggono, (2) Pengeran Sndi, (3) Dewi Wuryan.

MAULANA IBRAHIM (SUNAN BONANG TUBAN)

Raden Ibrahim bin Sunan Ampel, kromo Dewi Hiroh putrane Raden Jakandar, kagungan putra 1 Dewi Ruhil.

RADEN PAKU (SUNAN GIRI GRESIK)

–setengahe riwayat asmone Sayyid ‘Ainul Yaqin)

Raden Paku (putrone Maulana Ishaq ibu Dewi Sekardadu putrane Ratu Blambangan) kromo Mas Murtasiyah binti Sunan Ampel. Kagungan putro 4: (1) Raden Prabu, (2) Raden Misani, (3) Raden Guwo, (4) Dewi Retnowati.

RADEN FATAH (SUNAN BINTHORO DEMAK)

Raden Fatah (bin Kerthowijoyo Mojopahit) kromo Mas Murtasimah binti Sunan Ampel, peputro 5: (1) Pengeran Purbo, (2) Pengeran Trenggono, (3) Raden Bagus Sedo Kali, (4) Raden Kendhuruhan, (5) Dewi Ratih.

RADEN ‘ABDUL QODIR (SUNAN GUNUNG JATI)

CERBON

Raden ‘Abdul Qodir bin Maulana Ishaq kelahiran saking Arab, tunggal romo, seje ibu, karo Raden Paku, kromo Dewi Hisah putrone Raden Jakandar; (dadi pripihan karo Sunan Bonang) kagungan putro 2: (1) Raden ‘Abdul Jalil, (2) Dewi Shufiyyah.

RADEN JAKANDAR (SUNAN MALAKA) MADURA

Raden Jakandar (mertuwone Sunan Bonang lan iyo morotuwone Sunan Gunung Jati) kromo Dewi Nawangsasi putrone Tarub, peputro 2: (1) Dewi Hisah (garwone Raden ‘Abdul Qodir Sunan Gunung Jati), (2) Dewi Hiroh (garwani Raden Ibrahim Sunan Bonang).

RADEN SYAHID (SUNAN KALIJOGO)

Raden Syahid bin Raden Sahur Tumenggung Wilotiktho kromo Dewi Saroh binti Maulana Ishaq peputro 3: (1) Raden Sa’id, (2) Dewi Ruqoyyah, (3) Dewi Shofiyyah.

RADEN SA’ID (SUNAN MURIA)

Raden Sa’id bin Raden Syahid kromo Dewi Sujinah putrone ‘Utsman Haji, peputro 1 asmo Pengeran Santri.

PENGERAN SANTRI (SUNAN NGADILANGU)

Pengeran Santri (bin Raden Sa'id) dedhukuh ing Ngadilangu jejuluk Pengeran Behi.

RADEN AMIR HAJI (SUNAN KUDUS)

Raden Amir Haji bin 'Utsman Haji, kromo Dewi Ruhil putrone Njeng Sunan Bonang, peputro asmo Raden Amir Hasan.

SITI JENAR JEPORO

Raden 'Abdul Jalil putrone Sunan Gunung Jati: ('Abdul Qodir) ora kerso kromo.

RADEN SAHUR TUMENGGUNG WILOTIKTHO BUPATI TUBAN

Raden Sahur Tumenggung Wilotiktho kromo Dewi Nawang Arum binti Tarub, peputro 2: (1) Dewi Sari, (2) Raden Syahid.

ARYO BANJARAN

Raden Mundi Wangi (eyange Raden Fatah ingkang kaping telu) iku kagungan sedulur kakung asmo Aryo Banjaran patihe Ratu Mundi Wangi ing Pejajaran. Aryo Banjaran

kagungan putro: asmo Aryo Metahun, Aryo Metahun peputro Raden Randu Kuning. Aryo Randu Kuning peputro 3: (1) Aryo Galuh, (2) Aryo Tanduran, (3) Aryo Bangah. Aryo Galuh peputro 2: (1) Aryo Penanggungan, (2) Ronggolawe. Ronggolawe peputro Aryo Lawe. Aryo Lawe peputro Siro Lawe, peputro Sio Wenang, peputro Siro Leno.

ARYO PENANGGUNGAN BIN ARYO GALUH

Aryo Penanggungan peputro 3: (1) Aryo Baribin (morotuwone Rojo Penditho besane Maulana Ibrahim Asmoro), (2) Aryo Tejo (morotuwane Raden Rahmat), (3) Ki Ageng Tarub (morotuwane Raden Sahur iyo eyange Sunan Kalijogo).

ARYO BARIBIN BIN ARYO PENANGGUNGAN

Aryo Baribin kagungan putro 2: (1) Rade Ayu Maduretno (garwone Rojo Panditho), (2) Raden Jakandar (morotuwone Sunan Gunungjati).

ARYO TEJO BIN ARYO PENANGGUNGAN

Aryo Tejo peputro 2: (1) Dewi Condrowati (garwone Sunan Ampel), (2) Raden Sahur (romone Raden Syahid).

KI AGENG TARUB BIN ARYO PENANGGUNGAN

Ki Ageng Tarub kagungan putro 3: (1) Dewi Nawangsih, (2) Nawangsasi (garwone Raden Jakandar), (3) Dewi Nawang Arum (garwone Raden Sahur, yo ibune Sunan Kalijogo).

DEWI SEKARDADU

Dewi Sekardadu ibune Sunan Giri iku putrone Minak Sembuyu Ratu Blambangan bin Minak Pragulo, bin Bambang Pemanggeng bin Bambang Wajono bin Raden Siyung Wanoro, putrone Ratu Mundi Wangi. Kacarito: Ratu Pejajaran Mundi Wangi iku sangking garwo padmi kagungan putra 3: (1) Raden Ayu Himuk, (2) Raden Ayu Retno Kusumo, (3) Raden Suruh (eyange Raden Fatah) nuli saking garwo ampeyan kagungan putro siji asmo Siyung Wanoro. Bambang Pemenggeng ora kerso di reh Mojopahit, nuli dedukuh ing Semeru, nganti kagungan putro lan wayah. Akhire wayahe adek keraton ing Blambangan. Kacarito: naliko Raden Rahmat wis bukak pesantren ing Ngampeldentho, panjenengane Maulana Ishaq saking Pasa'i (mungkin maksudnya Pasai, penj) dulure Maulana Ibrahim Asmoro medun ing tanah Jawa sumadyo tabligh Agama Islam ngiras-ngirus tilik putro ponakan ing Ampel Surabaya. Maulana Ishaq nitih perahune juragan Gresik

(naliko iku wus kagungan putro loro: Sayyid ‘Abdul Qodir lan Siti Saroh ugo naliko iku di kanthi) saking Gresik terus ngencer Ngampeldentho. Rawuh ing Ampel, Raden Rahmat nuju Sholat ‘Ashar. Naliko iku kang melu makmum sholat namung ono santri telu: (1) aran Wirojoyo, (2) Abu Huroiroh, (3) Ki Bang Kuning. Sakwuse Maulana Ishaq wus biso ketemu karo Raden Rahmat, bagen-binagen sakcukupe, Maulana Ishaq kendel istirahat ing Ampel. Ora antara wulan Maulana Ishaq pamit arep nerusake tindake ngetan ngidul iyo perlu namung arep tabligh medar-medaraken agama. Rehning Maulana Ishaq rumongso kangelan, sebab mongso iku panci agamane wong Jowo umume Agama Budha lan Agama Hindu. Maulana Ishaq banjur topo, tirakat ono ing Gunung Selungu Banyuwangi.

Kucapo: Ratu ing Blambangan Minak Sembuyu kagungan putro istri asmo Dewi Sekardadu kang lagi gerah sanget, ditambahi opo-opo ora mangsah. Nuli sang noto ngetokake sayembo: sopo-sopo sing biso marasake gerahe putrone arep dipundut dadi jodone lan bakal diparingi kerajaan separo. Naliko Maulana Ishaq midanget sayembo, ing penggalih syukur banget, sebab rumongso yen opo kang dadi cita-citane nyiyarake Agama Islam bakal enggal kaleksanan.

Enggaling carito: Maulana Ishaq nuli ngetoni sayembo lan hasil biso nambani putri Sekardadu nganti

waluyo, akhire Maulana Ishaq didaupake karo sang putri, lan iyo temen diparingi negoro separo, opo-opo kang dadi cita-citane Maulana Ishaq ketutukan, rakyat kang ono ing bawaha (daerahe) podo mlebu Agama Islam, semono ugo Maulana Ishaq durung puas, amergo sang noto dewe durung Islam, nuli Maulana Ishaq merluaken manggihi sang noto perlu nyuguhake Agama Islam, ananging sang noto ora kerso, malah bendu ngunus pedang, Maulana Ishaq arep dipateni, nuli Maulana Ishaq lolos saking Blambangan. Naliko iku ingkang garwo putri Sekardadu lagi ngandut pitung wulan, koyo ngopo tangise sang putri lan poyang-payinge ora perlu dak ceritaake.

Ora antara suwe saking lolose Maulana Ishaq, Allah ta'ala nurunake bala' ono ing Blambangan rupo pagering akeh banget wong loro sore, isuk mati, loro isuk, sore mati.

Gandeng karo onone pagering kang ora keno ditolak iku, sang noto menggalih, yen kang gawe gere-gere iki jabang bayi kang iseh ono kandutane putri Sekardadu. Sang noto andawuhake: besuk yen jabang bayi lahir supoyo dibuang ing samudro. Temenan bareng jabang bayi lahir, nuli diwadahi peti lan nuli dibuang ing segoro, peti kang isi jabang bayi kelembak-kelembak nganti tekan gisike Gresik, peti ditemu mbok rondo aran Nyai Panatih, bareng peti dibukak dumadakan ono isine bayi kang iseh seger tur resik. Mbok rondo bungah

banget, jabang bayi dirumat lan direnggo-renggo. Jabang bayi diasmani Raden Paku, iyo Raden Paku iki kang ing tembe jejuluk Sunan Giri Gresik.

Miturut setengahe riwayat: naliko Maulana Ishaq rawuh ing tanah Jawa iku ijen ora diderekake putrane, balik naliko Maulana Ishaq lolos saking Blambangan iku terus kundur menyang negarane Pasik, nuli andawuhi marang putrone loro: Sayyid ‘Abdul Qodir lan Dewi Saroh, supoyo nusul misanane ing tanah Jowo (Raden Rahmat) akhire Maulana Ishaq sedo ing Pasik.

PORO WALI INKANG PODO RAWUH NALIKO
SEDONE KANJENG SUNAN AMPEL SURABAYA

NOMER	ASMO	JEJULUK	DAERAH
1	Raden Ibrahim	Sunan Bonang	Tuban
2	Raden Paku	Sunan Giri	Gresik
3	Raden Syahid	Sunan Kalijogo	Dermayu
4	Raden ‘Abdul Qodir	Sunan Gunngjati	Cerbon

5	Raden Sa'id	Sunan Muria	Kudus
6	Raden Amir Haji	Sunan Kudus	Kudus
7	Raden Sayyid Muhsin	Sunan Wilis	Cerbon
8	Raden Haji 'Utsman	Sunan Manyuran	Mondoliko
9	Raden Fatah	Sunan Binthoro	Demak
10	Raden 'Utsman Haji	Sunan Ngudung	Jipang Panolan
11	Raden Jakandar	Sunan Bangkalan	Madura
12	Kholifah Husen	Sunan Kertoyoso	Madura
13	Sayyid Ahmad	Sunan Malaka	
14	Pengeran Santri	Sunan Ngadilangu	
15	Raden 'Abdul Jalil	Sunan Siti Jenar	Jeporo
16	Raden Qosim	Sunan Drajat	Sedayu

Kacarito: naliko sedone Sunan Ampel (Sunan sepisan ing tanah Jowo) poro wali-wali kang disebut mahu

musyawarah: (ngrembuk) sopo sing ditetepake dadi kholifah, naliko iku diputusake: Raden Fatah. Nuli enggal-enggal Raden Fatah bukak pesantren ing Binthoro Demak. Santrine ewon.

-Setengahe riwayat-

Sunan Ampel Maulana Rahmat iku bin Ibrahim bin Jamaluddin Husen. Sunan Giri Maulana ‘Ainul Yaqin (Raden Paku) iku bin Ishaq bin Ibrahim bin Jamaluddin Husen. Sunan Kudus Sayyid Ja’far Shodiq iku bin Haji ‘Utsman bin Jamaluddin Husen. Sunan Cerbon, Syarif Hidayatulloh iku Sultan ‘Imaduddin bin ‘Abdullah bin Najmuddin Barokat bin Jamaluddin Husen. Nuli Sayyid Jamaluddin Husen iki Ahmad Syah bin ‘Abdullah Khan bin Amir ‘Abdul Malik bin ‘Alawi bin ‘Ali bin Muhammad bin ‘Alwi bin Muhammad bin ‘Alwi bin ‘Abdullah bin Ahmad al-Muhajir al-Faqih al-Muqoddam bin ‘Isa al-Bashri bin Muhammad al-Rumi bin ‘Ali al-‘Aridli bin Ja’far al-Shodiq bin Muhammad al-Baqir bin ‘Ali Zainal ‘Abidin bin Imam Husen bin ‘Ali wa Fatimatuz Zahro’ binti Rasulillah SAW.

MLEBUNE AGAMA ISLAM ING INDONESIA

Sak kundure Kanjeng Nabi Muhammad SAW *ila al-Rofiq al-A'la* (wafat, terj.) naliko tanggal 8 Juni 633 poro shohabat lan tabi'in tansah nerusake perjuangane kanjeng nabi tabligh nyebar-nyebaraken Agama Islam. Nganti Agama Islam biso semiyar ing sak andanging dunyo lan ugo tahu ngalami zaman kaemasan, iyoiku zaman negoro lan umat Islam Kajen Keringan. Poro muballigh-muballigh lan penganjur-penganjur Islam akeh banget kang podo ngelelono perlu arep nyiyaraken Agama Islam. Ing daerah-daerah Indonesia ugo ora ketinggalan oleh bagian muballigh-muballigh kang ulung. Iyoiku poro wali-wali, koyoto: Maulana Ibrahim Asmoro romone Raden Rahmat. Raden Rahmat Sunan Ampel. Maulana Ishaq as-Syarif Hidayatullah lan liya-liyane maneh. Kabeh poro wali-wali lan poro ulama kang teko ing Indonesia iku tujuane namung tabligh (nyiyaraken Agama Islam), dene upomo ono kang dagang iku namung kanggo sitir (tutup).

Koyo kang kacarito ing ngisor. Poro wali-wali corone tabligh praktis banget, rojo-rojo ditablengi disik, sebab semongso kang gee wus keno, kang cilik temtu kari manut. Poro wali-wali lan poro penganjur zaman semono corone tabligh ulet banget nganti direwangi topo, direwangi kromo.

Lan liyo-liyone usaha kang tumuju marang enggale hasil opo kang dadi cita-citane. Poro muballigh lan poro penganjur ora podo angganggu marang poro ratu-ratu lan adipati, yen kerso iyo diaturi manjing Agama Islam, yen ora kerso iyo wes. Mulo poro ratu lan poro adipati iyo banjur podo lumuh lan sungkan.

Kacarito: naliko panjenengane Sunan Ampel nyuguhake Agama Islam marang Prabu Kerto Wijoyo Mojopahit, sang Prabu mangsuli dawuh: sak benere yen ingsun rasak-rasak ake, Agama Islam iku bagus banget, nanging bae kapekso ingsun ora biso ninggalaken Agama kang wus ingsun peluk wiwet timurmulo lan kang wus dirungkebi dening eyang-eyang ingsun.

Poro maos kang kerso ngrasakake nasab-nasabe poro wali lan penganjur-penganjur kang wus diterangake ing ngisor temtune iyo banjur biso ambayangake kapriye kegiyatane lan aluse taktike poro penganjur-penganjur mahu, persasat meh kabeh rojo-rojo podo kagungan mantu penganjur Islam. Mulo dadi ora aneh yen Agama Islam ing Indonesia umume lan ing tanah Jawo khusus enggal biso semiyar luas.

Cobo! Sunan Ampel wayah rojo ing Cempo. Sunan Giri wayah rojo ing Blambangan. Raden Fatah (Sunan Binthoro) putro Brawijoyo. Sunan Kalijogo ,putrone Adipati Wilotiktho. Sunan Muria wayah Adipati Wilotiktho. Sunan Ngudung putro

mantu Adipati Wilotiktho. Cekak cukupe poro wali lan poro penganjur lenggahe lan pengaruhe nggenah banget.

RADEN FATAH SUNAN BINTORO

Koyo kang wus kacarito ing ngisor. Raden Fatah iku putro Mojopahit saking ibu Cempo, pernahe karo Raden Rahmat misanan. Kacarito: naliko Raden Fatah isih ono ing kandungan ono kedadeyan sitik antarane Sang Ratu lan Nyai Ratu, ora liwat perkorone iyo mergo putri saking Cempo wus ngandut iku, Nyai Ratu padmi nemen betarepane, kebeneran naliko iku nuju poro adipati-adipati podo sowan sebo, ing antarane adipati-adipati Adipati Aryo Damar saking Palembang ugo melu sebo, Sang Prabu ngendiko marang Adipati Aryo Damar: Adipati Aryo Damar! Siro arep ingsun paringi kanugerahan, iyo iku putri saking Cempo, arep ingsun paringake marang siro, ananging wektu saiki panjenengane lagi ngandut, mulo siro ingsun patah (weling) ojo pisan siro kumpul sak durunge sang putri nglahirake jabang bayi. Adipati Aryo Damar matur: sendiko. Sang putri kaboyong menyang Palembang. Ora antara suwe jabang bayi lahir, kaparingan asmo dening kang ibu Raden Hasan. Sak wuse jabang bayi lahir, nuli sang putri digarwo dening Adipati Aryo Damar peputro Raden Husen. Kucapo bareng Hasan wus beger, saking

kersaning pengeran: panjenengane mulai kagungan penggalih: sak benere bapak ingsun iki sopo toh? Mulane nganti timbul penggalih kang koyo mengkene iki, amergo kanjeng Adipati Aryo Damar dewe sering ketrucut yen dawuh Raden Fatah iku: Adimas. Penggalih kang mengkono mahu ora namung di endem ananging nuli di suwunake pirso marang kang ibu. Soyo tambah ruwete penggalihne, dene naliko panjenengane nyuwun pirso marang kang ibu, kang ibu ora mangsuli dawuh, ananging banjur muwun kami sesegen. Marambah-rambah Raden Fatah anggone andedes marang kang ibu, ananging kang ibu mekso ora kerso walih saklugune kejobo kang ibu ora biso kawetu ngendikan. Ugo panjenengane kuwagir lamun to dilairake opo walihe, amergo saking kerosake penggalihne putrone, kang koyo mengkono iku andadekake prihatine kang putro, nganti ora kerso dahar lan ora sare, saking bangete anggone menggali kahanane sang ibu. Kang ibu welas banget mirsani putrone kang lagi prihatin. Mulo putrone iyo banjur di dawuhi kanti walih. Kang ibu nyritakake sekabehane lelakune, wiwet panjenengane diboyong saking negoro Cempo, nganti akhire ono ing Palembang. Kang putro midangetaken. Mantuk-mantuk drendelan eluh sucone. Sak wuse rampung anggene midangetake pangendikane kang ibu, Raden Fatah banjur matur: duh kanjeng ibu! Menawi mekaten dalem nyuwun kanti

sanget dateng palileh sarti idi pangestunipun kanjeng ibu, keparengo dalem ngulati kanjeng romo, wonten pundi kemawon, dalem mboten bade kendel, utawi wangsul sak derengipun dalem saget pinanggih kalayan knjeng romo, kang ibu mangsuli dawuh muwun.

Pengendandikani: engger cuwilane penggalih ing sun ... iyo senajan abot rosone penggalih ing sun di koyongopo, amergo saking kederenging penggalih iro, ing sun kepekso arep paring palilih marang siro, ananging siro ing sun wangsit: pumo di pumo, supoyo siro anjujuko menyang Ngampeldentho dingin, dadiyo santri sawatoro tahun, nyuwito marang sadulur iro dewe wasitho Raden Rahmat supoyo siro biso entuk piwulang ilmu kang utomo, kanjeng ibu kang andedungo saking dalem, ora liwat mugo-mugo opo kang dadi maksud iro kang becik-becil kinabulaken dening ingkang murbeng dumadi. Kucapo: bareng kang rayi, iyoiku Raden Husen, midanget yen kang roko Raden Hasan arep tindak lelono, panjenengane iyo banjur nyuwun izin anderek, ringkes carito, karo-karone satriyo di izinake tindak lelono, satriyo loro-loro pisan banjur budal, ngener menyang Suroboyo Ngampeldentho.

Enggaling carito: satriyo sakeloron di tompo dening Raden Rahmat, diulang ngaji ilmu aqaid lan ilmu syare'at, Raden Hasan (Fatah) kethoro lancar banget anggane sinau. Ora

antara tahun satriyo kekaro nyuwun izin bade sowan sebo menyang Mojopahit. Raden Rahmat paring izin, nanging kekarone di wangsit: supoyo enggal kundur menyang Ampel, supoyo biso tutuk enggone sinau ngaji. Sawuse sawatoro wulan ing Mojopahit, Raden Hasan emut wangsite gurune, nuli nyuwun izin kundur menyang Ampel, ananging rayine iyoiku Raden Husen ora nderek, mergo sajake krasan ing Mojopahit, Raden Fatah nerusake sinau ngaji ono ing pesantren Ampel nganti dadi alim alamah, akhire dipundut putro mantu dewe dining Kanjeng Sunan Ampel. Sawuse wus dadi alim alamah, amergo usule poro wali-wali; Raden Fatah diangkat dadi Adipati ing Binthoro Demak. Arikolo Raden Rahmat wafat, poro wali-wali kang podu ta'ziah ing Ampel podu rembukan netepake kholifah gentine Kanjeng Sunan Ampel, naliko iku mufakat kang ditetepake Raden Fatah, nuli kajobo ngasto jabatan Adipati, Raden Fatah bukak pesantren ono ing Binthoro. Gandeng karo akehe santri kang podu nyuwito nganti ewon-ewon, urusan pesantren nuli katengan, urusan kadipaten dadi kakiwo, akeh perintah-perintah saking Mojopahit kang ora biso enggal dicukupi, nganti akhire ono curigo saking Mojopahit, yen Raden Fatah arep mbalelo, dimisuwurake yen arep brontak, mulo sang Prabu ing Mojopahit enggal-enggal merintahaken supoyo Raden Fatah ditangkep, kolo semono

kang dadi senopati nyerbu menyang Demak, Raden Husen iyo rayine dewe tunggal ibu seje romo, amergo iku nuli kedadeyan tempur antarane prajurit Mojopahit lan Binthoro. Poro sunan lan poro wali podo cancut tali wondo ambelani Raden Fatah, nganti panjenengane Sunan Ngudung lan Sunan Kudus gugur syahid ono ing medan pertempuran, “miturut setengaha carito”: naliko sawenehing adipati-adipati kang ing batin kudu ambalelo, pireng yen ono kedadeyan tempur antarane Mojopahit lan Binthoro, deweke nuli podo mundut kesempatan arep ngrebut dewe menyang Mojopahit, Bintoro cukup bijaksono lan waspodo, Bintoro kang sakawit niyate namung nolak perjoyo, ora duwe niat ngrebut Mojopahit, bareng mireng sikepe sawenehing kadipaten-kadepaten, nuli kagungan pemanggih: katimbang Mojopahit direbut dening kadipaten liyo, luwih becik direbut dewe, luwih-luwih bareng Bintoro pirso yen prajurit Mojopahit sajake meh kabeh dikerahake menyang Bintoro nganti penjagaan ing Mojopahit dewe pating glendang.

Mulo songko iku sajan prajurit Mojopahit kang ngangsrek wus keno diunrurake, ananging wadyobolo Bintoro terus diangsrakake ngener marang Mojopahit, sak durunge direbut dening liyan, dene sang noto wus lolos saking kedaton ngener ngetan, sak durunge wadyobolo Bintoro podo teko ing

Mojopahit, pusoko pusoko Mojopahit nuli dipindah menyang Demak.

Yen poro maos rawuh ing Masjid Demak, temtu bakal pirso srambi Masjid kang sokone ukir-ukiran, iyo iku pendopo Mojopahit kang ugo melu dipindah kolo zaman semono, kelawan sak rujuke poro wali-wali: Raden Fatah kapilih jumeneng sulton ono ing Bintoro, mawi diembani poro wali-wali. Peperintahan diatur kelawan rajin lan runtut, keamanan dijogo, kemakmuran disampurnoake, pembangunan gedengedenan, Masjid-masjid didekake kelawan gotong royong sarto dipandegani dening poro wali-wali lan ulama, prajurit disusun kuat, angkatan darat lang angkatan laut ora ketinggalan, barisan penerangan (muballighin) Syari'at Islam lumaku kelawan tentrem ora ono alangan opo-opo, poro ulama lan poro wakiling pemerintah (umara') podo mlaku bebarengan, kabeh tumuju marang kemaslahataning umat lan msyarakat, mulo sadelobae Kerajaan Demak dadi kerajaan kang kajen kiringan, nganti Indonesia masyhur dadi Negoro Islam. Mulo ora aneh yen umat Indoensia meh kabeh podo tetak (sunat). Kasultanan Demak, madek wiwit tahun 1478 M nganti tahun 1518 M (40 tahun), ananging Raden Fatah menangi dadi sultan namung sedelo.

PORTUGIS NYERBU INDONESIA

Portugis tahu ngalami desakan saking umat Islam, negorone direbut dening bongso Turki (1453) mulo bongso Postugis bengis banget marang wong Islam. Sing grebut negorone ora ditingali saking sifat bongso, ananging ditingali saking sifat agomo. Mulo bongso Portugis niat arep musuhi marang saben-saben umat Islam, ora perduli bongso opo bae. Rehning Indonesia naliko iku masyhur Negoro Islam, dasar tanahe loh jinawi. Mulo Portugis banjur nyerbu ing Indonesia, kabeneran naliko iku Indonesia wus mulai lemah kagowo saking timbule perpecahan, lan mangkate poro wali-wali kang podo ngembani projo.

Tahun 1511 Malaka kedadeyan direbut dening Postugis, Umat Islam lan poro pemimpin-pemimpine ngungsi marang Andalus, Aceh, Sulawesi lan Jowo. Sultan Demak kuwatir: mulo naliko tahun 1512 Sultan Demak ngirimake angkatan laut kang kuat banget kang dipimpin dening putrone dewe iyo iku laksanama, dipati Unus kanggo ngundurake wong Portugis, (peperangan hebat banget). Gandeng persenjataan Portugis kuat banget tur sarwo modern. Mulo dipati Unus enggal bali perlu nguwati tanah Jowo. Tahun 1518 Raden Fatah mangkat, diganti dening dipati Unus, lan sak mangkate dipati Unus diganti dening Pengeran Trenggono.

Naliko tahun 1531 Spanyol ugo nyerbu daerah Indonesia nganti biso ngrebut pulau Halmahera. Jajahan Portugis soyo suwe soyo modot, nganti Sultan Muhayyat Syah Rojo Aceh kroso kuwatir naliko Pasai direbut dening Portugis, Kyai Faletahan ngungsi ing Demak, akhire dipundut mantu dening Raden Fatah. Kyai Faletahan diserahi ngusir bongso Portugis. Temenan naliko tahun 1522 Portugis biso diusir saking Sunda Kelapa: (Jakarta) Kyai Faletahan (Fathullah) diangkat dadi Sultan ing Cirebon gegelar Sunan Gunungjati wafat naliko tahun 1570.

PAJANG

Naliko tahun 1550 Sultan Demak kaping telu Pengeran trenggono wafat, kerajaan dadi rebutan antarane Joko Tingkir putro mantune Pengeran Trenggono lan Aryo Jipang kapernah paman, Aryo Jipang kalah, kerajaan kapindah menyang Pajang, Demak Puso. Wiwit iku perpecahan mulai timbul, rehning Joko Tingkir bisone menang jalaran jasane Ngabehi Lor ing Pasar (Sutowijoyo). Dadi penjenengane diparingi ganjaran ngereh ing Mataram. Akhir-akhir Sutowijoyo ambalelo, pungkasane madek jumeneng rojo ing Mataram (tahun 1586 M), turuntumurun nganti Kanjeng Sultan Agung (Rojo Mataram kaping telu) (1613). Naliko tahun (1596) Londo mulai ndarat ing Banten. Tahun (1627-1629 M) Londo ing Jakarta diserang dening Sultan Agung, gagal. Ugo Sultan Banten iyo melu nyerang Londo, semono ugo Maluku, Palembang, Makasar lan liyo-liyone. Saking pintere Londo bongso kito dipecah belah, akhire serangan kito tansah kandas. Tahun 1678 Kerajaan Mataram dipindah ing Kartosuro, iki iyo tipu muslihate Londo. Gandeng karo onone perpecahan kang direko dening Londo, daerah kerajaan nuli dibagi loro: (1) daerah Surokarto dijenengi dening Susuhunan Paku Buwono kaping III, (2) daerah Jogjakarto dijenengi dening Pengeran Mangkubumi (paman Paku Buwono kaping III) gegelar Sultan Hamengku Buwono.

Tahun 1757 Surokarto keperang dadi loro: (1) dadi Kasunanan, (2) Mangkunegaran. Akhir-akhir Ngayogjokarto ugo kaperang dadi loro: dadi Kasultanan lan Pakualaman.

Tahun 1811 Inggris andarat ing tanah Jowo, Belanda didesek kalah, tanah Jowo diserahake marang Inggris. Tahun 1814 Kaisar Napoleon (Inggris) takluk, jajahan londo kang wus tibo Inggris dibalekake maneh.

DIPONEGORO

Tahun 1825 Pengeran Diponegoro, putro Sultan Hamengku Buwono kaping III brontak. Kajobo prajurit-prajurite ugo dibantu dening poro ulama, pertempuran hebat banget, Londo rumongso kuwalahan. Akhire naliko tanggal 28 maret, tahun 1830 londo ngajak damai, tapi iku namung tipu muslihat, sakjerone perundingan, tentarane Diponegoro dilucuti, Pengeran Diponegoro ditangkep terus diselong menyang Menado nganti wafat. Wiwit iku atine bongso kito tambah mendokol, poro ulama-ulama podu ngungsi ono ing gunung-gunung lan ing papan-papan kang adoh saking peramaian, getinge karo londo mungging cengkalakan, saking getinge nganti ora podu nyekolahake putro-putrone lan nglarang keras putro-putrone tiru-tiru gunemane tingkahe lan sandangane.

ZAMAN PERGERAKAN

Mendokole atine bongso Indonesia soyo suwe ora soyo kurang, nanging malah banget. Tahun 1908 tanggal 20 Maret, madek kumpulan gerakan aran Budi Utomo, pemimpin-pemimpine: al-Marhum Dokter Wahidin Sudiro Husodo lan Dokter Sutomo. Tahun 1912 Syarekat Isam madek, pemimpine: Haji Samanhudi lan Haji Umar Sa'id Cokroaminoto. Ono ing

tahun 1912 ugo Muhammadiyah madek, pemimpine al-Marhum Kyai Haji Ahmad Dahlan Ngayogyakarta, tumuli muncul partai politik aran Indise Partai. Tahun 1926 Partai Komunis ugo madek, dipimpin dening Sema'un. Tahun 1927 Partai Nasional ugo madek, dipimpin dening Insinyur Muhammad Sukarno. Tahun 1926 ora ketinggalan Nahdlatul Ulama madek, kabeh mau ora liwat tujuane iyo supoyo biso bebas saking jajahan, nanging bae ono kang kasar ono kang alus.

ZAMAN JEPANG

Tanggal 8 Desember 1941 Jepang ngumumake perang marang kaum sekutu (Inggris lan Amerika) Londo melu pihak Inggris Amerika. Tanggal 8 Maret 194 Hindia Belanda takluk marang bolo tentoro Jepang, ono ing zaman Jepang polahe bongso kito kadyo gabah diinteri. Bongso kito kang mati kaluwen utowo mati sebab dadi romusa (kuli peksa'an) ora jamak akehe. Kehormatane wanito-wanito kito dirusak. Tanggal 15 Agustus 1945 Kaisar Jepang (Tenoheko) takluk marang sekutu.

Tanggal 17 Agustus 1945 bongso Indonesia nyataake merdekane, Insinyur Sukarno dadi persiden, Muhammad Hatta dadi wakil presiden. Wiwit dino iku revolusi gedhen-gedhenan,

bongso Indonesia wus kapok moh dijajah maneh. Jepang ing Semarang ngamuk, Inggris ing Suroboyo kurdo. Kabeh mau ditadahi dening bongso kito, senajan korbane iyo ora sitik. Londo kang maune wus takluk, iyo banjur melu-melu kurdo maneh ndompleng tentoro Inggris. Akhire bongso kito tempur karo londo.

JALARAN DESEKANE INGGRIS

Indonesia rundingan karo londo manggon ing Linggarjati Cerbon. Tanggal 15 Nopember 1946 surat permuwafakatan ditanda tangani dening ketuwane: naliko iku kang dadi ketuane utusan Indonesia Sutan Syahrir. Permuwafakatan Linggarjati tanpo guno. Tanggal 21 Juli 1947 londo nyerang daerah Republik Indonesia: Cerbon, Pekalongan, Semarang, Demak direbut. Tanggal 1 Agustus 1947 gencatan senjata (leren serang-menyenang), dewan keamanan membentuk komisi kang disebut KTN. Tanggal 17 Januari 1948 gencatan senjata ditandatangani ono ing kapal renvil, sak teruse banjur dionoake rembukan ono ing kapal renvil ketuane utusan kito Mister Amir Syarifuddin. Tanggal 12 April 1948 dimulai rembukan maneh manggon ono ing Kaliurang Ngayogjokarto, nerusake rembukan ono ing kapal renvil, ananging senajan mengkono londo isih terus dadero bae olehe

ngedekake negoro-negoro boneka, koyoto: Madura, Sumatra Timur lan liyo-lirone maneh. Tanggal 19 September 1948 kuto Madiun direbut, dening golongan komunis Muso, perebutan anjalar nganti tekan: Magetan, Ngawi, Solo, Wonogiri, Cepu, Rembang lan liyo-liyone. Akeh Kyai-Kyai lan pemimpin-pemimpin Islam podo disembeleh, ananging barokah pitulunge pengeran, tentoro kito kanthi bantuan rakyat, podo bebarengan nadahi kurdone golongan komunis Muso mau, pungkasane ono ing akhir September. Iku ugo kerusuhan wus biso dileremake. Tanggal 19 Desember 1948 lapangan terbang Maguwo dibom, angkatan darat londo nyerbu daerah-daerah republik, tentoro kito lan poro pemimpin-pemimpin podo nyingkir marang gunung-gunung lan deso-deso, nindakake perang gerilyo. Persiden Sukarno, wakil presiden Muhammad Hatta, Kyai Agus Salim lan liyo-liyone poro pemimpin republik ditangkep dening londo disingkirake menyang Pulau Bangka. Enggal-enggal pemerintah Dlorurot didekake dening Mister Syarifuddin Prawiro Negoro ing Sumatra, senajan pemimpin-pemimpin sebagehan wus ditangkep ananging pemerintahan biso lumaku terus, suwasono genting banget, dewan keamanan (iyoiku perkumpulan bongso-bongso sak dunyo) andesek marang londo supoyo: (1) pemimpin-pemimpin republik kang diselong, enggalo dibalekake marang pelungguhane, (2) daerah

istimewa Ngayogyakarta, supoyo enggalo diblekake marang pemerintah republik Indonesia, (3) supoyo Indonesia lan londo leren anggane bedil-bedilan, (4) supoyo masalah Indonesia dirampungake kelawan dalam damai. Londo nurut. Tanggal 7 Mei 1949 rundingan diwiwiti, wakile Indonesia Mister Rum, wakile londo Dokter Van Royen, pemerintah republik iyo temenan dibalekke marang Ngayogyakarta, pihak republik iyo banjur leren anggane perang gerilyo. Tanggal 23 Agustus 1949 Konferensi Meja Bundar diwiwiti manggon ing Negoro Londo (Denhaq). Utusan kito disesepuhi Dokterindise Muhammad Hatta. Dene londo disesepuhi dening Menteri Van Marsepin. Tanggal 2 Nopember 1949 biso ketutupan anggane rundingan ono ing Denhaq negoro republik Indonesia Serikat biso dibentuk, daerah daerah Indonesia dikuasani dening republik Indonesia Serikat, liyane Irian Kulon, dene Irian miturut keputusan diserantekake maneh. Tanggal 17 Desember 1949 presiden republik Indonesia (Jogjo) diangkat dadi presiden republik Indonesia Serikat. 20 Desember 1949 Kabinet RIS dibentuk. Tanggal 27 Desember 1949 pemerintah londo masrahake kedaulatan marang RIS (upacarane ono ing Amsterdam), wiwit iki negoro-negoro meh sak dunyo podu ngakoni negoro Republik Indonesia Serikat. Tanggal 27 Desember Mister Asa'ad ditetepake dadi pangasto lenggahan

Presiden Republik (Jogjo). Negero Republik Indonesia Serikat wus madek lan di akoni kedaulatane, ananging rehning kang dadi cita-citane bongso Indonesia iku negoro kesatuan, negoro kang tunggal, dadi ora suwe kelawan sakrujuke bongso kito, sifate negoro Republik Indonesia Serikat, enggal-enggal biso diwalik dadi asifat tunggal, dadi negoro kesatuan republik Indonesia.

Dumugi ing ngriki risalah alit puniko, kito pungkasi mugu-mugu risalah puniko wonteno ginonipun.

وصلی اللہ علی سیدنا مُحَمَّدٍ والہ وصحبہ وسلم, والحمد لله رب العالمین

TAMAT